**दिन—शनिवार** **दिनांक—04.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभाक चुनावक लेल विभिन्न राजनीतिक दल द्वारा प्रचार अभियान निरंतर जारी अछि। राजनीतिक दल सभक स्टार प्रचारक आ नेता लोकनि मतदाता सभ के अपन पक्ष मे गोलबन्द करबाक लेल जनसभा, रोड शो आ जनसम्पर्क कऽ रहल छथि। एम्हर, लोकसभा चुनावक तेसर चरणक मतदान के लेल प्रचार काल्हि सांझ पाँच बजे समाप्त भऽ जायत। एहि चरणक अंतर्गत सात मई के राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र—झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया मे मतदान हेबाक अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कांग्रेस सहित इंडी गठबंधनक सभ घटक दल पर धर्मक आधार पर आरक्षण देबाक साजिश करबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ दरभंगा मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे ओ पछिला बारह दिन सँ एहि दल सभ सँ लिखित मे ई देबाक मांग कऽ रहल छथि जे ओ लोकनि आरक्षणक व्यवस्था सँ कोनो प्रकारक छेड़छाड़ नहि करताह मुदा एहि दल सभ पर हुनक बातक कोनो असरि नहि अछि। श्री मोदी कहलनि जे मात्र बाबा साहेब अम्बेडकर नहि अपितु देशक पहिल प्रधानमंत्री पंडित जवाहर लाल नेहरू सेहो धर्मक आधार पर आरक्षक विरूद्ध छलाह। प्रधानमंत्री राहुल गाँधी आ तेजस्वी प्रसाद यादव के नाम लेने बिना कहलनि जे देश मे दू शहजादा छथि— एक देश के अपन जागीर बुझैत छथि जखनकि दोसर बिहार के। प्रधानमंत्री कहलनि जे दरभंगा मे विकासक कतेको काज भेल अछि जाहि सँ रोजगारक नव अवसरि उत्पन्न भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे दरभंगा एम्स के निर्माण मे आबि रहल दिक्कत के सेहो दूर कयल जा रहल अछि। सभा के जदयूक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो सम्बोधित कयलनि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुंगेर लोकसभा क्षेत्रक हवेली खड़गपुर मे जदयू प्रत्याशी ललन सिंह के समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

श्री कुमार अपन कार्यकालक उपलब्धि के चर्चा करैत लोकसभ सँ एनडीए प्रत्याशीक पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ गोपालगंज लोकसभा क्षेत्र मे इंडी गठबंधनक उम्मीदवार प्रेमनाथ चंचल के पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव लोकसभ सँ महगाई आ बेरोजगारी दूर करबाक लेल गठबंधन प्रत्याशी लोकनिक पक्ष मे मतदानक अपील कयलनि। सभा के विकासशील इंसान पार्टी के प्रमुख मुकेश सहनी सेहो सम्बोधित कयलनि। एम्हर, वामपंथी दल सभक नेता लोकनि सेहो अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे लगातार चुनावी सभा के सम्बोधित कऽ रहल छथि। निर्दलीय उम्मीदवार सेहो मतदाता लोकनि के एकजूट करबाक लेल नुक्कड़ सभा आ जनसम्पर्क अभियान चला रहल छथि।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक छठम चरणक लेल वाल्मिकीनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज निर्वाचन क्षेत्रक लेल नामांकन प्रक्रिया जारी अछि। आइ महाराजगंज सँ भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवाल, गोपालगंज सँ जदयू प्रत्याशी आलोक कुमार सिंह, सीवान सँ जदयूक विजयालक्ष्मी देवी अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। ओतहि, गोपालगंज लोकसभा क्षेत्र सँ इंडी गठबंधन सँ वीआईपी प्रत्याशी प्रेमनाथ चंचल अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। पश्चिम चंपारण संसदीय क्षेत्र सँ वीरों के वीर इंडियन पार्टीक संजय कुमार नामांकन पत्र भरलनि। एम्हर, पाँचम चंरणक अंतर्गत राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र–सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुरक लेल नामांकन पत्र सभक जाँच काल्हि कयल जायत। एहि लोकसभा क्षेत्र सभ सँ कुल एक सय तीन प्रत्याशी नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि।

———————————————————————————

झंझारपुर लोकसभा क्षेत्र मे तेसर चरणक अंतर्गत सात मई के होबऽबला मतदान के देखैत भारत–नेपाल रेल सेवा तीन दिनक लेल बंद कऽ देल गेल अछि। रेलवेक दिस सँ जारी विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे चुनाव के लऽकऽ नेपाल रेलवे आइ सांझ के बाद सँ सात मई धरि ट्रेनक परिचालन बन्द करबाक निर्णय लेलक अछि। आठ मई सँ रेलगाड़ीक परिचालन पुनः शुरू भऽ जायत।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार प्याजक निर्यात पर लागल प्रतिबंध हटा देलक अछि। विदेश व्यापार महानिदेशालय एक अधिसूचना मे कहलक अछि जे ई आदेश तत्काल प्रभाव सँ लागू होयत। पछिला वर्ष दिसम्बर मे प्याजक घरेलू उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल एकर निर्यात पर प्रतिबंध लगाओल गेल छल।

———————————————————————————

चिकित्सा पाठ्यक्रम मे नामांकनक लेल होबऽबला राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा—नीट यूजी के काल्हि आयोजन होयत। देशभरि के चौदह राज्यक पाँच सय संतावन शहरक विभिन्न परीक्षा केन्द्र सभ पर ई परीक्षा आयोजित होयत। बिहारक पैंतीस शहर मे अड़सठि केन्द्र सभ पर परीक्षा के आयोजन होयत। एहि मे राज्य सँ लगभग एक लाख उनचालीस हजार परीक्षार्थी सम्मिलित होयताह। परीक्षा दुपहर दू बजे सँ सांझ साढ़े पाँच बजे धरि चलत। एनटीए परीक्षार्थी लोकनि के डाउनलोड कयल गेल प्रवेश पत्र लऽ जयबाक निर्देश देलक अछि। प्रवेश पत्र मे परीक्षार्थी लोकनिक फोटो, हस्ताक्षर, रौल नंबर आ बार कोड होयब अनिवार्य अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा, पूर्णियां आ कटिहार जिला मे किछु ठाम छिटपुट वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। विभाग कहलक अछि जे बंगालक खाड़ी सँ आबि रहल नमी के कारण राज्य मे वर्षा के परिस्थिति बनल अछि। एम्हर, आइ राज्यक पश्चिमी हिस्सा मे किछु ठाम गर्म दिवसक स्थिति बनल रहल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।